ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ТЫАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№195 (22.103) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Президент

ИкІэщІыпІэкІэ щІэн хуей Іуэхугъуэхэр

Жэпуэгъуэм и 14-м Къэбэрдей-Балкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен Май къалэм щригъэкІуэкІащ щІыпІэ-щІыпІэхэм кьыщыдзэригъэпщ и зи ІэшІу зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и муниципальнэ куейхэм, кьалэ округхэм я унафэщІхэр.

ЗЭХУЭСЫМ и пэ кьихуэу, республикэм и Президент **Кьанокъуэ Арсенрэ** Правительствэм и Унафэщі **Гертер Иванрэ**куейм щыІэ производствэмкІэ ІэнатІэ зыбжанэ кьаплъыхьащ.

Ящэу ахэр кІуащ полимер кьабзэхэр кьыщІэзыІэжьыну ящхуэ «Этанэ» заводыщІэр щы-зэтраГъэувэ щыпІэм. ІуэхущапІэм и унафэщі **Іущын Сергей** хьэщІэхэр хигъэгъуэзащ ухуэныгъэхэр зэрыгагъэкІуэкІыну щыкІэм. Мазэ дыдыхуэкІуэм кьрируБыдэу ІэнатІэщІэхэм бгъэдыкхэ гъуэгугъэр ящынт, газ, электрокьарур зэрекІуалІэ бжьамийхэр, кІапсэхэр яукъуэдиин щІадзэнущ.

КъыкІэлъыкІуэу щІэпщІыкІакІуэ гупыр щыІащ Сарскэ жьлэ цыкІум дэт, бжэн кьашхэр щагъэхъуэ «Дыщэ щхьэмыж» агроконцерным, Абы и унафэщі **ІутЫк Арсен** зэрыкиІэмкІэ, Іуэхущапіэр Италием щІадзэрей ІэмэпсымэщіэхэмкІэ уэздащ. ИкІи абы хальхьа сом мелуан 78-р илъэсищым кьриуБыдэу кьащыхуэхьыжынущ.

Адэжь гупыр кІуащ иджыблагъэ кьагъэщІэрэщІэжа Май куейм сымаджэщым. Сабий цыкІуэхэр кьыщалхъуу абы хэт унэр республикэ пэсым щынэхьыфІ дыдэхэм ящынущ.

Иужьрейуэ хьэщІэхэм кьаплъыхьар зи лэжьыгъэр щІэрыщІэу зэтрагъэувэжк «Севкаврентен-Д» заводырщ. Мы Іуэхущапіэм иджыдей рентген аппаратхэр щащІын щІадзащ. Заводым и тхьэмадэ **Пономаренкэ Роман** зэрэжьІэмкІэ, иджыпстуКІэ лэжьакІуэ 320-рэ кьащтэрЫнущ. Іэщапіэхэр зэрагъащІэрэ производствэм нэхьри зиужьмэ, ІэнатІэщІэм цыхуэ нэхьыбэ пэрыувэнущ.

ЗэІущІэр щрагъэкІуэкІар «Севкаврентен-Д» заводым и пэшышхэрэщ. Ар кьыщІэзІуихым республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен жиІащ:

- Иужьрей зэманым Май куейм мэкъумэщ хозяйствэм эщІуихьыныкІэ ехьулІэныгъэфІхэр иІэщ. Ауэ абдеж кьыщІэзэтеувыІэ хьунукъым. Куейм зиужьныкІэ щІэгъэкъуэныфІу кьэувынущ мы зэманым ди кьэралым и унафэщІхэм ягъэхьэзыр, федеральнэ щІыхэр муниципальнэ кьыІэзэпэщІыпІэхэм зэрратыж хабзэрр. Промышленностми зэрызиужьри кьыхэсгъэщІпхъэщ. Іэ кьэтпІыхьа «Этанэ» проектым лэжьапІэ ІэнатІэу мини 2,5-рэ кьыхуэзгъэпэщынущ. Дэ кьыдгуроІуэу куейм и дежкІэ ар иджыри зэрымащІэр, лэжьыгъэ зымыгъуэтыр зэрыкъудыр.

Арэзы укъэзымыщІхэм ящыщщу республикэм и Президентым гу лъаригъэтащ куейм узынышагъэр хьумэнымкІэ, егъэджэныгъэм, спортым зегъэужьыныкІэ щыІэ кьыкІэрыгъэхуныгъэхэмк.

Зэхуэсым кьыщыщыпсалъэм, Правительствэм и Унафэщі Гертер Иван Май куейр езым зэримыхамэр, абы щекІуэкІ зэхьуэкІыныгъэфІхэм зэрыщыгуфыкІыпІэ кьыхигъэщащ. Псом нэхъри нэхъ зытегъэщІапхъэу абы кьиныхтахэм ящыщщ «Казачок» сабий садым и ухуэныгъэщІэр зэтегъэувэныр, щыхуэхэм ираф псыр зэрагъэкьабзэ Іэмэпсымэхэр зэтеуХуэжьныр, сабий-щІалэгъуалэ спорт школымрэ Новоивановкэ кьуажэм дэт сабий садымрэ зэгъэпэщыжыныр.

Псыр зэрагъэкьабзэ ухуэныгъэхэмрэ ар зэрырикІуэ бжьамийхэмрэ кьэгъэщІэрэщІэжьыным мыхьэнэщхуэ щыхуэхэм я дежкІэ зэрирЭр кьыщыхэщащ Май куейм и Іэтащхьэ **Атаманенкэ Юрэ** и кьэпсэльэныгъэми.

КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмрэ статумкІэ и министр **Мусуков Алий** зэІущІэм кьрихьэлІахэр щигъэгъуэзащ Президентым и Администрацэм деж щыІэ хьыбарегъащІэкьэпщытэныгъэ управленэм Май куейм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ иІэ зыужьныныгъэр кьэхутэныжкІэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм кьарикІуэхэм.

Куейм бжьыпэ нэхъ щызыІэрагъэхьэ Іэнатіэхэм ящыщщ мэкьумэщ продукцэм ехьулІныжкІэ, псэуалъэщІэхэр кьыІэзэпэщІыныжкІэ, электроокарум и уасэр и чэзуэм ипщынымкІэ, мэхъэкъуэщхэм зэрагъэпсыкІ, мэзыкъ, художественнэ еджапІэхэм екуалІэ цыкІухэм я бжьыгъэмкІэ, нэгъуэщІэмкІи зэрэфІакІуэ екьулІэныгъэхэр. Ауэ, цыхуэхэр нэхъ зыІгъэгъэзавэхэм хохьэ кьаІэрыхьэ лэжьапІэм и мащІагъэмрэ лэжьапІэнэшхэр иджыри зэрыкъуэдымрэ.

Экономикэ зыужьныныгъэмрэ статумкІэ министерствэм кьыІэзрихутамкІэ, псом ящхьэрауэ куейм узынышагъэр хьумэнымкІэ ІэнатІэщІэу тІу щыхуэхэр, щыІэхэм ящыщу плІыр кьэгъэщІэрэщІэжьын, щэнхабзэмкІэ уни 9-р зэгъэпэщыжьын хуейщ. Абы нэмыщІ, сабий 800 зыщІэхуэзн школыщІэ ухуэн, щыІэхэм ящыщу зым иджыри еджакІуэ 80-рэ школ кІуэгъуэм нэмыса сабий цыкІу 200-рэ зыщІэхуэн ухуэныгъэщІэхэр гуэщІыхьыхьэщ. Апхуэдэуи зэгугъупхъэхэм ящыщщ, спортымкІэ щыІэ унэхэр лажьэу зэтегъэувэжьнымрэ щІэрыпсу тІу ухуэнымрэ.

Май куейм и жылагъуэ псоми я Іэтащхьэхэр я гъусэу, зэІущІэм хэтахэр тепсэльыхьащ икІэщІыпІэкІэ лэжьыпхъэ Іуэхугъуэхэм. Унафэ кьащтащ ахэр республикэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ ильэситу дызыхуэкІуэм зэрызиужьыну программэм хагъэхьэну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-м и Парламентым

Бюджетым хощІри...

Жэпуэгъуэм и 11-м КъБР-м и Парламентым пищащ фокІадэм и 29-м зэхэта зэІущІэм. А махуэм депутатхэр хэмыдлъэу кьэнат Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм 2011 гъэм иІэ бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэмрэ ящыщ лъэныгъэхэмрэ хэтхьэным теухуа законым и проектымрэ Федеральнэ закон зыбжанэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэтхьэным теухуа жэрдэмхэмрэ. Зэ Іущі эр иригъэкІуэкІащ Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Абы и лэжьыгъэм хэтащ Правительствэм и Унафэщі Гертер Иван, министерствэ, ведомствэ зэмыдІэужьыгъуэхэм я Іэтащхьэхэр.

КЪЭБЭРДЕЙБалъкъэрым и мыгъэрей бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ егъэгъуэтынымкІэ законым и проектыр кьыхэзыльхьар республикэм и Президентращ. Ар Парламентым и зэІущІэм кьыщигъэлъагъуэу кьыщыпсалъэм, финансэмкІэ министр **Быншэн Азрэт** кьыІэзрыхигъэщамкІэ, бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэр халтьхьэн хуей мэхъу абы кьыхэхъуэу ахъшэр сом мелуан 600-м щигъкІэ нэхъ мащІэ зэрыхъум кьыхэкІыу. А Іуэхум щхьэусыгъуэ зэхъуэкІуащ ди республикэм КТО-р зэрыщагъэувам и зэранкІэ, фадэрэ спиртрэ зэхэзыщІэ предприятэ пІэрызехьэхэм пэжьын зэрыщагъэтамрэ этил спирт кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапіэм а кьалэныр щхьэщахьу, фадэ зыщІ заводхэм ар зэрыІэщІапхъэжьамрэ, А псом кьыхэжьыну фадэ щэным хатыкІ налогыу КъБР-м мы гъэм кьыІэрыхьакьыхьэм бюджетым зытригщІыхьауэ щыта сом мелуан 700-м щІигъу.

КьыщыпэмыщІауэ, зэгъэзэхуэжа хъуащ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балкъэрым кьыІэрыхьа ахъшэр зыхуэдизри. Ар мы илъэсым нэхъ мащІэ мэхъу сом мелуани 174-кІэ. Псори зэхэту, 2011 гъэм и бюджетым хуринкъунукым сом зы меладрэ мелуан 412-рэ. Абы кьыхэкІыуи, зи хэхъуэхэм хэщІа республикэпсо бюджетым игъэкІуэщІын хуей сом бжыгъэмэ хощІ мелуан 845-кІэ. Ауэ ар зыкІи зэран хэхъуэнукьым улахуэр, социальнэ ахъшэ лІэужьыгъуэхэр и чэзуэм тыным. ХэщІынныгъэхэр зыльэІэсынур псом ящхьэрэ министерствэ-хэм, ведомствэхэм ятекІуадэ ахъшэращ.

Мы гъэм и щІыпІэмэкъуауэгъуэ маззэм кьриубыдэу КъБР-м и Парламентым и Щалэгъуалэ палатэм зэфІигъэкІа лэжьыгъэхэр кьигъэльагъуэу, зэІущІэм кьыщыпсалъэ ящ абы и унафэщі **Шынш Аслъэн**.

Абы зэрыжиІамкІэ, Щалэгъуалэ палатэм кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжар щІэблэм ядэлэжьэнращ. Ауэ елІэІащ федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэми. Нобэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и комитетхэм щыхопІэ КъБР-м и Парламентым и Щалэгъуалэ палатэм игъэхьэныра федеральнэ законищым я лІэужьыгъуэхэм.

Зэ Іущім кьыщыхагъэщащ Парламентыр зэлэжьыпхъэ Іуэхущхэм зарипщытурэ, Щалэгъуалэ палатэм зыхуигъэувыжа кьалэн нэхъыщхьэм - щалэгъуалэм дэлэжьэным - гупытэ тэмэм зэрыхуимыщІыфар, кьэнэжа зэманым ар яГъэзэкІуэжьын зэрыхуейр.

АплъэкІу, мы илъэсым и щІыпІэ - мэкъуаугъуэ маззэхэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым зэфІигъэкІа лэжьыгъэм депутатхэмрэ зэІущІэм ирагъэблагъэхьэрэ щыгъуазэ ищІащ **Чеченов Ануар**. Абы кьыхэзрихутащамкІэ, 2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу, КъБР-м и хабзэгъуэр орган нэхъыщхьэм кьищтащ закон зэмыпІэужьыгъуэу 69-рэ. Ар законищкІэ нэхъыбэщ нэгъабэ и щІыпІэ - мэкъуаугъуэ маззэхэм зэхуэфІэкІам нэхърэ. КьищынэмыщІауэ, Чеченов Ануар зэрыжиІамкІэ, Парламентым мы гъэм иригъэкІуэкІащ конференц, семинарзэІущІэ зэмыдІэужьыгъуэу 7, «ст0ол хъурейуэ» 9, Правительствэм и сыхьэту 15, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэд.

Илъэсым и кІэм депутатхэр иджыри зэ хэпльэжьнущ ялэжьа Іуэхугъуэхэм, кьалэну зыхуагъэувыжьа-хэмрэ яхуэзэфІэкІахэмрэ зэпалъытэжу.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Зальм.

Нобэ илъэс 70 ирикъунут КъБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр.

Къэрал лэжьакІуэ щІэрыІуэм, политик Іущым, хэкупсэ телъыджэм теухуащ мы къыдэкІыгъуэм и 3-нэ напэмрэ ди газетым и гуэдзэн щхьэхуэмрэ.

● Шахмат-2011

Чжао Сюэ пэрытщ

Шахматымкі э бзылъхугъэхэм я Гран-при зэхьэзэхуэу ФИДЕ-м иригъэкІуэкІым и ещанэ Іыхьэу Налшык щызэхаублам Китайм и Іыкіуэ Чжао Сюэ бжьыпэр щиІыгъщ.

ЕБЛАНЭ зэІущІэм Урысейм и шахматисткэ Костенюк Александрэ литовкэ Чмилите Викторие кьефІэкІащ. Апхуэдэу тхьэмахуэ махуэм зи кІэн кьикІахэм ящыщщ украинкэ Лагно Екатеринэ. Абы хигъэщащ фигурэ фІыцІэхэмкІэ зыдэджэгуа Болгарием щыщ Стефановэ Антоанетэ.

Адрей шахматисткэхэм я зэІущІэхэр зэрытемыгъэкІуэу иухащ. ДжэгугъуибЛым очкои 6,5-рэ кьэзыхьа Чжао Сюэ псом ящэ итщ. Абы кьыкІэлъокІуэ Цзюй Вэньцзюнь - очкои 4,5-рэ, Ковалевская Екатеринэ, Косницевэ Надеждэ, Стефановэ Антоанетэ, Косинцевэ Татьянэ, Чмилите Викторие, Лагно Екатеринэ сымэ дэтхэнэмэ очкои 3,5-рэ, Чэнь Чжу очкои 3, Галяммовэ Алисэ очкои 2,5-рэ яІэщ. Костенюк Александрэрэ Монгонтуул Батуигэрэ очко 1,5-рэщ кьахуэхьар.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтыр **КЪУЩХЬЭ Чэлим** *трихащ.*

Дунейпсо зэпеуэм щІедзэ

АБХЪАЗ. *Доминоми Іэ дунейпсо чемпионат республикэм нобэ Іыкьыщы Іуащ. Махуэм щІкІэ екІуэкІыну зэпеуэм зэхуэмыдэ кьэрал 22-м я лІыкІуэ 220-р.*

АБХЪАЗЫМ дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ а Іуэхугъуэм республикэм зэрызыхуигъэхьэзырар абы кьрихьэлІа США-м Доминоми Іэ и федерациям и президент Окендо Мануэль игу иритхащ. «Сольгуэр гъэщІэгъуэн сщыхъуащ икІи иджыпей чемпионатыр псом нэхъри нэхьыфІу зэрыщытынур си фІэщ мэхъу. Куржым Лъэпощхьапэхэр кьызэригъэувым емылъытауэ, Америкэм кьикІауэ щІыхь 18 зэхьэзэхуэм хэтынущ», - жиІащ хьэщІэм.

Ильясиев 150-рэ мэхъу

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Уламэ жылагъуэр зэрыщыІэр ильясиев 150-рэ зэрырикъур Іэтауэ ягъэлъапІэ. Абы теухуа гуфІэгъуэ зэхьэзэхуэм хэтащ АР-м и президент Тхьэкіумыхо Аслъэнэдэжьрэ, премьер-министр Кіуэнтіыс Мурат, иГъэущІ кьулыкъущІэхэр.*

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм махуэщхэр зыгъэпсынІэ и къуажэгъуэхэм хьэхуэу гуапэкІэ захуигъэзащ, Хэку заущхэм хэкІуэдахэм я фэеплъыуДІ гъэгъахэр трилъхьащ.

- Мы щІыналъэм кьыщалъхуа зэфІэкІ зиІэ щІыхуэхэр куэдщ: егъэджакІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр, еджагъэщхуэхэр, тхакІуэ, уэрэдыкІакІуэ щІэрыІуэхэр. Ауэ псом ящэ пщІэ яхуэфащэщ щыхьэхуа адэ-анэхэм, кьуажэм и лІыжьхэр зыгъэтІылъахэм - мэкъумэщышІэхэм, вакІуэхэм, - жиІащ ТхьэкІэщІынэм. «Урысейм и агропромышленнэ комплексым щыІэхэ зиІэ и лжьакІуэ» щІэ лъапІэр зыхуагъэфащэ Уламэ и федерацэм и хозяйствэм и унафэщі КІуэнтІыс Къэразбий дамыгъэ лъапІэр абы иритыжащ икІи адэжь ехьулІэныгъэхэр зыІэригъэхьэну ехьуэхьащ.

Мелуан 95-рэ хуэхах

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЭРДЖЭС. *Республикэм хьэрычэтыныгъэ цыкІумрэ курытымрэ щыдгъэІыгъыным кьэралым мелуан 95-рэ хуитІыныгъуэм. КъБР-м экономикэмкІэ и министр Пудышевэ Еленэ щыІэ мелуан 19-р республикэ, мелуан 76-р федеральнэ бюджетхэм кьыхэхІыну.*

АХЪЩЭР псом ящ яІэрыхьэнущ промышленностым, щІэныгъэ-техникэ, инновацэ ІэнатІэхэм щылажьэхэм, хьэрычэтыщІэхэм кьагъэсэбэпыну трансфер технологие центрэхэр кьызэгъэпэщыным икІи зегъэужьыным. Министрым кьызэрыхигъэщамкІэ, республикэ программэм ипкъ иткІэ, фирмэ 61-м сом мелуан 22-рэ щІыхуэу яритащ. Псори зэхэту республикэм и экономикэм кредиту мелуан 337-рэ кьэратщэІащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.



Ещанэ зауэ?

Африкэ Курытым щекІуэкІ кьаугъэм хьыхьу зауитІ и кІэм нэзымыгъэсыф США-р ещанэ зауэ кІыхьым икІи хьэлъэм хэзрыхьыныкІэ щынагъуэщхуэ щыІэм. Президент Барак Обамэ зыхуигъазэу ар дыгъуасэ кьыжиІащ сенатор Маккейн Джон, «Си-эн-эн» телеканалым интервью щиритым.

- Ди къэралым и президентипл гадзэлжьатэ, абыхэм ящыщу иджырейм хуэдэу Конгрессым епсэльэну хуэмей яхъэтакъым. Си жагъуэ мэхъу Сенатым емычэнджэщу адміністрацэм апхуэдэ унафэ кьыІэрищтар, - жеІэ Маккейн Джон икІи а щытыкІэм и щхьэусыгъуэу кьаетъэитамкІэ, жэпуэгъуэм и демократ партым, сенаторхэм я нэхъыбэр республиканецхэм зэращыщыр.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, тхьэмахуэ кІуам и иужьрей махуэхэм Унэ Хуэжьым хьыбар кьыІэригъаІэ президентыр демократ партым, сенаторхэм я нэхъыбэр республиканецхэм зэращыщыр.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, тхьэмахуэ кІуам и иужьрей махуэхэм Унэ Хуэжьым хьыбар кьыІэригъаІэ президентыр 19-м США-м и дзэр Угандэм егъакІуэ. Хуагъуэва кьалэнхэр щагъэзащІэу, ахэр щыІэнущ Судан Ипщэм, Африкэ Курыт Республикэм, Конго Демократ Республикэм. США-м и администрацэм зэрыжиІамкІэ, зауэлІхэр а къэралым я властхэм ядэІэпыкъун хуейщ экстремист гупым ебэныныкІэ, абыхэм я унафэщі Кони Джозэф «лъэныкъуэ ирагъэзынымкІэ».

1-р 1027-кІэ яхъуэж

Тутнакъэшым щаІыгъ палестинхэр Израильм и капрал Шалит Гиладкі э нобэ кьахъуэжынущ.

А Іуэхумкі э лъэныкъуитІыр зэгурегъаІуэ Мысырым, абы и щІыналъэращ гъэрхэр щызэрахьуэжьынури.

Израильмрэ ХАМАС зэщІэхьеныгъэмрэ зэращІылІа а зэгурыІуэныгъэр зэтрагъэувыІэфынущ, абыкІэ мыарэзыуэ Іуэхур зэфІэмыкІ щыкІэ журнэм ящыщ зыгуэр Суд Нэхьыщхьэм гъьэуСыхэмэ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Шалит Гилад палестинхэм гъэр ящІат 2006 гъэм. Ар къыщыхъуар Газэ секторыращ. Израилым и тутнакъэщхэм щаІыгъ хьэрыпхэмкІэ ар кьахьуэжьынущ зэкъым нужь зэритар. Иджы псори зэхэту хьэрып 1027-рэ журтхэм кьауТІыпщыж. ЗэгурыІуэныгъэм и япэ Іыхьэм щхьэхуит хьунущ щІыхуэ 477-рэ, иужькІэ тутнакъэщхэр ябгьнэнущ иджыри палестин 550-м.

Полицэм кьелыихьуэ

Италием и полицэмрэ и карабинерэмрэ кьаІыхьуэу властым и экономикэ щІыпІэмкІэ мыарэзыхэм ирагъэкІуэкІ акцэр щыхухэр эщІэзыгъэсту кьаугъэм хуэзыщахэр.

А Іуэхум йолъжь хабзэхьэмэ органхэм я лэжьакІуэуэ 100-м щІигъу. Абыхэм бльщІхьэм и нэхъущым лэжьэн щыщІадзат Апеннинхэм, Рим и Ломбардиием щегъэжьауэ Сицилием нэс къэрал псом я Іуэхугъуэм зыщрагъэубгъуащ. Псалъэм папщІэ, щрэбгъым Рим щекІуэкІа демонстрацэм хэтыну Неаполь щІалэщІэ гупыщхуэ кІуат. Иджы абы хэта псоми я фэтрэхэр кьащ, анархистхэр, лагьымхэр кьалъыхьуэу.

ЩЭбгъым кьэрал 82-м я кьалэ 950-м щекІуэкІат щІыхуэ псоми я зы процент фІэкІа мыхъу кьулейхэр зэрызэпсеІэр зымыдэ демонстрацэхэр, иджы Рим и пэкІуэгъэ абы ящыщ зыт, ауэ ар Италием и прессэм «граждан зауэ» зыфІиЦа кьауГъэкІэ ихащ. Демонстрацэм хэтахэмрэ полицэмрэ зэзэуэн щІадзащ, щалэгъуалэм автомобилхэр ягъэсу, унэ, тыкуэн абджэхэр зэтракъутэу уежьа нэужь. ЩІыхуэ 135-рэ уІэгъэ хъуащ, абы щыщу 105-р хабзэхьэмэ органхэм я лэжьакІуэщ. ЦІыху 12 ящыдащ.

Ещанэ Іущыгъэ:

Джей пэтрэ ещакІуэурэ яубыд.

«ЕгъэджакІуэ-2011» урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэм министр Фурсенкэ Андрей и гъусэу фэеплъ сурэт трахащ. Я кум дэтыр Джэдгъэф Зулиящ.

Къэрал псом щытокІуэ

● Хъыбар гуапэ

Иджыблагъэ Москва щекІуэкІащ «ЕгъэджакІуэ-2011» урысейпсо зэхьэзэхуэм и нужьрей зэпеуэр. Абы хэтащ УФ-м хьыхьэ щІыналъэхэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм щыпэрыт егъэджакІуэ ящыхьэфІхэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ кьыбгъэдэкІыу и зэфІэкІхэр зэпеуэм и утыкум щигъэльэгъуащ Налшык дэт курыт школ 4-м пэщІэдзэ классхэр щезыгъаджэ, зи псэльэкІэм сэкъат иІэ сабийхэм ядэлажьэ Джэдгъэф Зулия. ЕгъэджакІуэ ныбжьыщІэр зэпеуэм жыджеру хэта кьудейкъым, атІэ абы и «ЩІэдзапІэ» унэТІынымрэ пашэ щыхьэщ.

Зулия и текІуэныгъэм хуабжьу щыгуфІыкІащ и лэжьэгъуэр, школым и унафэщІхэр, благъэ-Іыхьлыхэр. Иужьрей илъэси 10-м кьриубыдэу я урысейпсо зэхьэзэхуэм Налшык щыщ егъэзджакІуэ етІуанэу щытекІуэу аращ. Джэдгъэфым и пэкІэ, 2003 гъэм, абы пашэ щыхьащ кьалащхьэм дэт курыт школ 3-м иджыльызыбзэр щезыгъэдж Хьэщыкъуей Алим.

- «ЕгъэджакІуэ-2011» урысейпсо зэпеуэр инкъуКІ купщІафІэу икІи хьэлэмэту кьыхэзрагъэпэщат. Сэ сахуэзащ нэгъуэщІ щыналъэхэм я лІыкІуэу абы хэта зэфІэкІыфІ зиІэ егъэджакІуэ куэдым. Дэ дыззэрыщыхущ, ди Іуэху зехьэкІэхэмкІэ дыззэдгъэщащ, - жеІэ Зулия. - Зэпеуэм кьыщыхьа текІуэныгъэр си закъуэ си ехьулІэныгъэкъым - абы я фІыщІэ хэтыщ ди школым и унафэщІхэми, си лэжьэгъуэми, си гъэсэн щыІыхуэми.

ЕгъэджакІуэ пэрытым и щІэр фІыкІэ иджыри кьыхэзрыІунум щэч хэтыкъым.

ТАМБИЙ Линэ.

«ЕгъэджакІуэ-2011» урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэм министр Фурсенкэ Андрей и гъусэу фэеплъ сурэт трахащ. Я кум дэтыр Джэдгъэф Зулиящ.

Ильясиев 150-рэ мэхъу

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Уламэ жылагъуэр зэрыщыІэр ильясиев 150-рэ зэрырикъур Іэтауэ ягъэлъапІэ. Абы теухуа гуфІэгъуэ зэхьэзэхуэм хэтащ АР-м и президент Тхьэкіумыхо Аслъэнэдэжьрэ, премьер-министр Кіуэнтіыс Мурат, иГъэущІ кьулыкъущІэхэр.*

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм махуэщхэр зыгъэпсынІэ и къуажэгъуэхэм хьэхуэу гуапэкІэ захуигъэзащ, Хэку заущхэм хэкІуэдахэм я фэеплъыуДІ гъэгъахэр трилъхьащ.

- Мы щІыналъэм кьыщалъхуа зэфІэкІ зиІэ щІыхуэхэр куэдщ: егъэджакІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр, еджагъэщхуэхэр, тхакІуэ, уэрэдыкІакІуэ щІэрыІуэхэр. Ауэ псом ящэ пщІэ яхуэфащэщ щыхьэхуа адэ-анэхэм, кьуажэм и лІыжьхэр зыгъэтІылъахэм - мэкъумэщышІэхэм, вакІуэхэм, - жиІащ ТхьэкІэщІынэм. «Урысейм и агропромышленнэ комплексым щыІэхэ зиІэ и лжьакІуэ» щІэ лъапІэр зыхуагъэфащэ Уламэ и федерацэм и хозяйствэм и унафэщІ КІуэнтІыс Къэразбий дамыгъэ лъапІэр абы иритыжащ икІи адэжь ехьулІэныгъэхэр зыІэригъэхьэну ехьуэхьащ.

Мелуан 95-рэ хуэхах

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЭРДЖЭС. *Республикэм хьэрычэтыныгъэ цыкІумрэ курытымрэ щыдгъэІыгъыным кьэралым мелуан 95-рэ хуитІыныгъуэм. КъБР-м экономикэмкІэ и министр Пудышевэ Еленэ щыІэ мелуан 19-р республикэ, мелуан 76-р федеральнэ бюджетхэм кьыхэхІыну.*

АХЪЩЭР псом ящ яІэрыхьэнущ промышленностым, щІэныгъэ-техникэ, инновацэ ІэнатІэхэм щылажьэхэм, хьэрычэтыщІэхэм кьагъэсэбэпыну трансфер технологие центрэхэр кьызэгъэпэщыным икІи зегъэужьыным. Министрым кьызэрыхигъэщамкІэ, республикэ программэм ипкъ иткІэ, фирмэ 61-м сом мелуан 22-рэ щІыхуэу яритащ. Псори зэхэту республикэм и экономикэм кредиту мелуан 337-рэ кьэратщэІащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.



Ещанэ зауэ?

Африкэ Курытым щекІуэкІ кьаугъэм хьыхьу зауитІ и кІэм нэзымыгъэсыф США-р ещанэ зауэ кІыхьым икІи хьэлъэм хэзрыхьыныкІэ щынагъуэщхуэ щыІэм. Президент Барак Обамэ зыхуигъазэу ар дыгъуасэ кьыжиІащ сенатор Маккейн Джон, «Си-эн-эн» телеканалым интервью щиритым.

- Ди къэралым и президентипл гадзэлжьатэ, абыхэм ящыщу иджырейм хуэдэу Конгрессым епсэльэну хуэмей яхъэтакъым. Си жагъуэ мэхъу Сенатым емычэнджэщу адміністрацэм апхуэдэ унафэ кьыІэрищтар, - жеІэ Маккейн Джон икІи а щытыкІэм и щхьэусыгъуэу кьаетъэитамкІэ, жэпуэгъуэм и демократ партым, сенаторхэм я нэхъыбэр республиканецхэм зэращыщыр.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, тхьэмахуэ кІуам и иужьрей махуэхэм Унэ Хуэжьым хьыбар кьыІэригъаІэ президентыр 19-м США-м и дзэр Угандэм егъакІуэ. Хуагъуэва кьалэнхэр щагъэзащІэу, ахэр щыІэнущ Судан Ипщэм, Африкэ Курыт Республикэм, Конго Демократ Республикэм. США-м и администрацэм зэрыжиІамкІэ, зауэлІхэр а къэралым я властхэм ядэІэпыкъун хуейщ экстремист гупым ебэныныкІэ, абыхэм я унафэщі Кони Джозэф «лъэныкъуэ ирагъэзынымкІэ».

1-р 1027-кІэ яхъуэж

Тутнакъэшым щаІыгъ палестинхэр Израильм и капрал Шалит Гиладкі э нобэ кьахъуэжынущ.

А Іуэхумкі э лъэныкъуитІыр зэгурегъаІуэ Мысырым, абы и щІыналъэращ гъэрхэр щызэрахьуэжьынури.

Израильмрэ ХАМАС зэщІэхьеныгъэмрэ зэращІылІа а зэгурыІуэныгъэр зэтрагъэувыІэфынущ, абыкІэ мыарэзыуэ Іуэхур зэфІэмыкІ щыкІэ журнэм ящыщ зыгуэр Суд Нэхьыщхьэм гъьэуСыхэмэ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Шалит Гилад палестинхэм гъэр ящІат 2006 гъэм. Ар къыщыхъуар Газэ секторыращ. Израилым и тутнакъэщхэм щаІыгъ хьэрыпхэмкІэ ар кьахьуэжьынущ зэкъым нужь зэритар. Иджы псори зэхэту хьэрып 1027-рэ журтхэм кьауТІыпщыж. ЗэгурыІуэныгъэм и япэ Іыхьэм щхьэхуит хьунущ щІыхуэ 477-рэ, иужькІэ тутнакъэщхэр ябгьнэнущ иджыри палестин 550-м.

Полицэм кьелыихьуэ

Италием и полицэмрэ и карабинерэмрэ кьаІыхьуэу властым и экономикэ щІыпІэмкІэ мыарэзыхэм ирагъэкІуэкІ акцэр щыхухэр эщІэзыгъэсту кьаугъэм хуэзыщахэр.

А Іуэхум йолъжь хабзэхьэмэ органхэм я лэжьакІуэуэ 100-м щІигъу. Абыхэм бльщІхьэм и нэхъущым лэжьэн щыщІадзат Апеннинхэм, Рим и Ломбардиием щегъэжьауэ Сицилием нэс къэрал псом я Іуэхугъуэм зыщрагъэубгъуащ. Псалъэм папщІэ, щрэбгъым Рим щекІуэкІа демонстрацэм хэтыну Неаполь щІалэщІэ гупыщхуэ кІуат. Иджы абы хэта псоми я фэтрэхэр кьащ, анархистхэр, лагьымхэр кьалъыхьуэу.

ЩЭбгъым кьэрал 82-м я кьалэ 950-м щекІуэкІат щІыхуэ псоми я зы процент фІэкІа мыхъу кьулейхэр зэрызэпсеІэр зымыдэ демонстрацэхэр, Рим и пэкІуэгъэ абы ящыщ зыт, ауэ ар Италием и прессэм «граждан зауэ» зыфІиЦа кьауГъэкІэ ихащ. Демонстрацэм хэтахэмрэ полицэмрэ зэзэуэн щІадзащ, щалэгъуалэм автомобилхэр ягъэсу, унэ, тыкуэн абджэхэр зэтракъутэу уежьа нэужь. ЩІыхуэ 135-рэ уІэгъэ хъуащ, абы щыщу 105-р хабзэхьэмэ органхэм я лэжьакІуэщ. ЦІыху 12 ящыдащ.

Плъэгъэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Ещанэ Іущыгъэ:

Джей пэтрэ ещакІуэурэ яубыд.

★★★

Ди газетым зэрытетащ. жэпуэгъуэм и 7 - 8 махуэхэм Истамбыл щекIуэкIащ «Иджырей медицинэм кыхьыхьа щIэхэр» IV дунейпсо медицинэ конференцыр. Ар кьыззрагъэпэщын зэрыщадзэрэ иджы еплIанэу зэхохьэ щIэныгьэлIэхэмрэ дохутыр Iэзэхэмрэ. Iпэ зэIущIишыр щыIэхэтар. Нэдлыкщ. Мы Iуэхум жэрдэмщIакIуэ хъхьуар дуней псом щикъухьа адыгэхэм я щIблэу уззрыгушхуэ хьуну медицинэм и лэжьакIуэм, щIэныгьэлI щэджащэу, дохутыр щIэрыпу Iэхэщ.

★★★

Медицинэр лъэпкъыр зэхуэзышэж ГъуэгУм и зы лъагъуэщ

● щIэныгьэ

МЫЗЫГЪУЭГУМ Истамбыл щекIуэкIа конференцым къэрал 16-м кьикIыр Iащагъэлlэр хэтащ, адыгэхэм я мызакъуэуи, абыхэм я ныбжьэгъу, я лэжьэгъухэу нэгъуэщI лъэпкъхэм кьыIэжIа дохутыр лъэужьыгъэхьэхэри кьарагъэблэгъащ.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, кьызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ медицинэ щIэныгьэхэм я доктор, профессор, гум щеIэзэу Истамбыл дэт центрым и унафэщI **Шур дым Гюнсел.** Абы жиIащ медицинэ конференцыр кьызэгъэпэщынкIэ е лэжьакIэ кьызэрыщыхьилъхьауэ щытар икIи абы кьырихьэлIэхэм ар кьыззэрыдалыгъар. Апхуэдэуи фIыщIэ яхуищIащ кьызэгъэпэщынкIэ Iуэхэр кьыдэзыгъэпсынщIа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент Хеймашэ Орхьэнрэ (Тырку) КъБКъУ-м Хамэ кьэрал IуэхуэхэмкIэ и управленэм и тхьэмадэ Къуэдзокьуэ Анатолэрэ (КъБР).

- Адыгэ лъэпкъым кьызэщыхьэпэн Iуэхуэгъуэ дахитI зэтрихьауэ мы махуэхэм щокIуэжI Тырку м, - жиIащ Iонсел кьыщыпсалъэм. - Адыгэхэм кьахэкIа дохутыр нэхъ цIэрыпуэхэмрэ зи Iэщагъэм зэрыпэрыхьэрэ куэд мышащ, ауэ Iэзагъэшхуэ кьэзыгъэлIэрэгъуэну хунэсахэмрэ щыIэзыщIэну зэхуэсым нэмыщI, Истамбыл щекIу экIынущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iэзэщакlуэ гулым я зи чэзу зэIущIэшхэр. Абыхэм зи гугъу ящынур лъэпкъым и Iуэху зэрыдзэкIынырщ, щыпсэу щIинальхэр зэпэжьыжьэми, псэкIэ зэущIагъу щIыхэр нэхъ гьуэнэгъу зэхуэсащ, кьэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ипхъа хъуа лъэпкъыр зэрыгъэщIэнырщ, зэрыгъэхьуэжьынырщ. Уэшыщагъэ хьуэмэн IэнатIэр. егъэфIэкIуэным, узыфэ шынагъуэхэм зэрыхапщэным ерыщу хущIокIуэ. Абыхэм езым я сайт яIэжщ, щIэныгьэ журнал кьыдагъэкI, медицинэмкIэ дунейпсо зэпыщIэныгьэхэр яIэщ, кьэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкI конференцэм жыджэру хэтщ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ажахьуэ Къащюбий** утыкум щрагъэблагъэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэгъуэтыр зэрыщэхуар и гуапэ зэрыхьэр, абы сэрэпынагъ куэд кьыпэкIуэну зэрыщыгъуэгъыр жиIащ, медицинэм и лэжьакIуэхэм я мурадхэр кьайхьулIну екъуэхьуащ.

АдэкIэ псалъэ зрата, Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэ **Гугъэв Джихьэн** кьыт еувыIащ ДАХ-ми абы кьепха Хасэхэми я кьалэн нэхъыщхьэр зэгуэр зэкIащIачу хамэ кьэралхэм кьихута лъэпкъым и цIыхубэр зэфIэмыкIыдыпэн папщIэ ахэр зэпызыщIэ щэнхабэр хъумэным, бзэм зегъэ уэжьыным, хабзэр Iыгъыным телэжьынур зэрыарар.

- ДАХ-м хэтщ щIэныгьэлIхэри, инженерэри, дохутырэри, егъэджакIуэхэри, юрыч ГъэтIысхэри, нэгъэщI Iащагъэ пэрытхэри, - жиIащ Джихьэн. - Ауэ медицинэм и лъабжьэр нэхъ бидэ ящыным, дэIэпыкьуэгъу щыхуэнькьуэхэм дежи зэрыгъэуэтным, Iмалыщ Iэхэр кьэгупсысыным хуэунэтIыгъ кьызэрагъэпэщ мы конференцым мыкьэнэшхуэ иIэщ. КьищыкъэщIауи, дуней псом щикъухьа адыгэхэр дызэхэуэзыщэж гъуэгум и зы лъагъуэщ мы зэхуэсыр. Абы ипкъ иткIэ, кьэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэ дохутырхэм фи зэпыщIэнигъэр нэхъ лъэщ хьуну, узыфэхэм зэрапэщIэт Iэмалхэми, абы папщIэ кьагъэсэбэп Iэмэпсымэхэми заужьыи щхьэкIэ гупсысэ куухэмрэ кьару мымащIэрэ кьыфлъыкIуэкIыну Тхьэм жиIэ!

IV дунейпсо медицинэ конференцым и пэщIэдзэ Iыхьэр ихуа нэужь, Iыркум щыIэ кардиологхэм я ассоциацим кьыбгъэдэкI фIыщIэ тхьилъэкъ хуагъэфэщащ Ажахьуэ Къащюбий, Къуэдзокьуэ Анатолэ, Гугъэв Джихьэн сымэ. А махуэм гупитIу загуэщIри, сыкьэти 10-м щегъэжьауэ лэжьащ конференцым кьырихьэлIа дохутырхэмрэ щIэныгьэлIхэмрэ.

* * *

КъалэтI Iуэжу кьаэзэрэ хуэлIам, конференцыр зэрекIуэкIам щытетдзэпсэльхьыкIэ Германием щыIэ кьэрал университетым и профессор, хирург цIэрыIуэу Умар Мыхьмуд Якьжиащ:

- Мы конференцым кьыщыпсэлъащ адыгэ кьуэпсэ зиIэу дохутырхэм я лIыкIуэ хэр. Европэм, Азиеми, Америкэми хиубыдэ кьэралхэм кьикIа IащагъэлI щрэуэрэгъэ хэтащ зэхуэсым. Медицинэр хуабжьу унэтIынигъэ куэду дохутырхэм я зэхуэлIу. Абыхэм ящыщу нэхъыбэ кьызэрыщэIэдубыдэным, узыфэ нэхъыбэм я гъэхъуэжьыкIэ зэр кьжуэтэным ищжь диту аращи, махуитIкIэ екIуэкIа зэхьыхьэм Iуэхуэгъуэ 20-м нэблагъэм теухуа чэнджэщ купщIафIэхэр кьыщыIуащ, псалъэмакъ кьудейуэ щымыту щIэныгьэ лъабжьэ яIэу. Абыхэм ящыщу 4-р гу узыфэхэм ехьэлIа-ти, сэри сызытепсэлъыхьар араща.

Апхуэдэуи медицинэм кьыщыгъэзэпыIн Iэмалыщ Iэхэр кьыхалъхьащ уIэгъэхэм зэреIэзэм, зи ныбжь хэкIуэтам жьыгъэр кьызэрыльэщIыхьэм ебэнымкIи, сабий узыфэхэр гъэхуэмыкIыжьыну, ахэр кьемыгъэ уэлIэным теухуааэ. Зи гугъу пхуэсщI псори иту, конференцым хэтахэм ятеуха тх

Конференцыр кьызэрагъэпэщащ Умар Мыхьмудр (Германие) Шурдым Гюнселрэ (Тырку).

Дохутырхэм я зэIущIэм хэтщ ДАХ-м и тхьэмадэ Ажахьуэ Къащюбий, «КАФФЕД» адыгэ хасэм и лIыкIуэхэу Есэн Сэбахьеттинэр Iутъэн Джихьэн.

Сурэтхэр **НЫБЭ Аизэр** *триахащ.*

★★★

Iуэхуэр кьызыхэтыншэу кьызэгъэпэщыным ерыщу хущIэкъ уа Шурдым Гюнселрэ Хеймашэ Орхьэнрэ.

Истамбыл щыIэ гум щеIэзэ центрым и унафэщI, профессор Шурдым Гюнсел:

- МазиплI ипэкIэ дыхуежьащ мы конференцыр гъэхьэзырыным. Iуэху куэд зэфIэзагъэкIын хуей хъуамэ, гуэру сыдекIуэ сухэщIэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нэхъапэхэм Налшык щрагъэкIуэкIа конференцхэр кьызэрызэрагъэпэщам сыщIыгъазэт, абыеомэ жыджэру сыхэтат.

Ещанэрэй зэIущIэр нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIэкIуэным сэ кьыхъэлIхьауэ зэIущIат абы хэта силъжьэгъуэхэр Тыркым кьезгъэблэгъэну сызэрыкуейр. Хуажьу сигуапэ хъуащ ар кьызэрызэдаIыгари, дохутыр Iэзэхэр кьызэрекIуэлIари. Налшык цIыху 18 кьикIащ, Тыркым щыщу 23-рэ хэтащ, нэгъэуэщI кьэрал куэдми щыщIэрыIуэ Iэщагъэлlэр кьеблэгъащ.

Конференцым щIидзэн и пэкьихуэу дохутырхэр инвестиститет, лабораторэхэм тшэрэ, дызэрылажьэхэр, кьэдгъэсбэп Iэмэпсымэхэр, едгъэлъэгуащ. КьыкlэлъыкIуэ махутIым зэIущIэр тIуэу зэщхьэщыхьэу едгъэкIуэкIащ, нэхъыбэм кьэпсэльхьэ Iэмал яIэн папщIэ. Бзэм теухуауэ гугъуехь гуэри дыхэтакIым, дэтхэнэ дохутырри езыр нэхъ щыхуэщрыуэ бзэмкIэ кьэпсэльащ, ар адрейхэм кьаэзэрыгурыуэ бзэхэмкIэ занIэу зэрадзэкIыртри, псори хьарзынэу зэгурыIуащ.

Ди хьащIэхэм ягу зэрырихьари, лъэпощхьэпо гуэр кьыкъэмыкIыу Iуэхуэр зэрыхьэ-фIэкIари кьэпльыгъэмэ, сэ арэзы сыхьауащ, Сигу кьеуэр зэман нэхъыбэ диIэу, ди хьащIэхэм Истамбыл тIэкIу зыщыдгъэпльыхьыну дызэрыхуэмыкъат. Сигу хэзыгъэхуэхэм, ящыщы ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупри Истамбыл зэрыщыщзэIущIар. Зы пIалъэм кьыриубыдэу, сыхьэт бжыгъэкIи зэтехуэу адыгэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэхэм Iэщlагъэлlэр тепсэльыхьу зы уардэнэ зэрыщIэзэхэсым дамэ кьыстрагъэкIами ярейуэ, гурыщIэ Iэфlхэм сыкьрахьэкIырт мы махуэхэм...

Гюнсел и закъуэтжьакъым ахуэдэ гурыщIэ зиIэр. Лъэпкъ, лэжьыгъэ Iуэху зэрахуэу хамэ кьэрал зэмылIэужьыгъуэ куэдым кьикIа адыгэхэм я лъэр щIым нэзымыгъэс Iуэхуэгъуэтlр Истамбыл щекIуэкIар. Хэкум кьыхуэхьауэ ящыщу псэу хэхэс адыгэхэм зэфIагъэкIа Iуэхуэхэм я мызакъуэу, зэрызэIущIа кьудейм ягур ин ищыIрт. Хэкурыс дохутырхэми щIэ куэд кьащIауэ, зэпыщIэныгъэ щIэхэр я мурадщIэхэмри яIэу кьагъэзэжащ.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замир.
Налшык - Истамбыл.

● Къэрал Думэм и депутатым и псалъэ

Илъэсищым тращIыхь

Къэрал Думэм кьыIэрыхьащ 2012 - 2014 гъэхэм я федеральнэ бюджетым и проектымрэ бюджетым щымыщ къэрал фондхэм я бюджетхэм я проектхэмрэ. Бюджетымрэ налогхэмкIэ комитетым жэпуэгъуэ-фокIадэ мазэхэм кьыриубыдзу я замоопроектхэр Думэм и зэIущIэм зэрыщыщхэпльэнум хуигъэхьэзырыну къыпэщытщ. ИкIэщIыпIэкIэ тхъыжащ а документхэр Бюджет кодексым и 192-нэ статьям кьызэрезэгъыр икIи а тхыгъэр фракцэхэмрэ комитетхэмрэ ахуеда-гъэхьащ, апхуэдэу Къэрал Думэм и депутатхэм щыгъуазэ защIын папщIэ электрон теплъэ иIэу кьыдэдгъэкIащ.

АУЭ КОМИТЕТЫМ иригъэкIуэкI лэжьыгъэр бюджетхэм я проектхэм зэрыхэпльэным хуагъэхьэзырын кьудейм кьыщыуВыIэркъым. 2012 - 2014 гъэхэм я федеральнэ бюджетым и проектым щIигъуу Правительствэм кьигъэхьащ нэгъэщI закону 10-м я проектхэри. А псори дз бюджет законэхэм хиубдзу зэщIигъуу кьэтщтэн хуейщ. Зи гугъу щIы проектхэм ящыщщ 2012 - 2014 гъэхэм бюджетым хэмыхьэ къэрал фондхэм я бюджетхэм, бюджетым хэмыхьэ фондхэм халъхьэ страховой взносхэм я тарифхэм я проектхэр. Апхуэдэу нэгъэуэщI зэхуэсым щыIэ щIэныгьэлIхэм я етыным теухуа законым зэхъуэкIынигъэхэр хэтлъхьэну, закон зыбжанэм кьагъэув мардэ щхьэхуэхэр хэдгъэкIыну кьытпэщытщ. А псоми дз делэжьынущ зыхуэфащэ комитетхэм драгъэсуэ. Абыхэм кьадзэкIуэу Къэрал Думэм кьищIэн хуейщ бюджетым и хэхъуэ Iыхьэр тэмэму кьызэгъэпэща хъун папщIэ зыхуэнькьуэ налог закон зыбжанэ.

Ди комитетым и мурадщ законопроект псоми апэ кьеджэгъуэу жэпуэгъуэм и 21-м, етIуанэ кьеджэгъуэу щэкIуэгъуэм и 18-м, ещанэ кьеджэгъуэу щэкIуэгъуэм и 22-м депутатхэр хэплъэн папщIэ зыхуэфащэ Iуэху псори зэфIигъэкIыну. Зэрынэрылъагъущ, бжьыкъэ сессиер ди комитетым и дежкIэ тынш дыдэу щытынукъым.

Унэтlныгьэ нэхъыщхьэхэр

2012 - 2014 гъэхэм я федеральнэ бюджетым и проектыр дызыхуэкIуэ илъэсищым ятещIыхьа экономикэ документ нэхъыщхьэ дыдэщ. Абы и унэтlныгьэ хэхахэм ящыщщ, итIанэу, ди щIыпIэм пащщэ я къэралым кьыщищтэ кьаланхэр фIэкIыпIэ имыIу Iуэзэщlэнэр, социальнэ политикэм, псэкIэр егъэфIэкIуэныр зэлъыта Iэнатlэхэм инвестицэхэр кьахуэзащIэгъэуIуэным зегъэужьыныр. ЕтIуанэ унэтlныгьэщ лъэпкъ экономикэр къэгъэщIэрэщIэныр, инфраструктурэ ехьэлIа программэхэмрэ проектхэмрэ гъэзэщlэнэр. Мыхьэнэшхуэ зиIэ ещанэ Iуэхущ къэралым и шынагъуэншагъэр гъэбдыдэнр, дзэмрэ флотымрэ я зэфIэкIхэм зегъэужьыныр, дзэ къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ папщIэ зыхуэфащэ шэсыпIэхэр зэтегъэуэвэныр. А кьалэн псори тарифхэм зэрыщIэлъабжьэу щытыр макроэкономикэ зэпIэзэрытынигъэр кьызэтегъэнэныщ.

2012 - 2014 гъэхэм я бюджетым и проектым и лъэныкъуэ псори кьыщIбжьым зытращIыхьар иту иту нэхъ узыщыгугъ хуэму щIыпIэ хэкIыпIэхэращ. Кьапщтэмэ, къэрал кIуэцIу щыкIалъэ продуктым и уасэр сом триллион 58,7-рэ хьуну траухущ. 2012 гъэм щIидзаращ барреIыр ику итIу доларитI 100-кIэ яхуэщIну щогугъ. Апхуэдэу зы доллариым и уасэри сом 28,6-м тетыну кьалъытэ (фокIадэм и 26-м абы сом 32,11-рэ и уасэу щытащ). 2012 гъэм ахъшэм кьыщIэкIын процентэ 5 - 6 нэхъыбэ кIэрыхуэ хуейкъым.

2012 гъэм щыкуэным пащщэ тарифхэм мы къыкIэлъыкIуэхэм хуэдэу хагъэхъуэнущ. Электрокъарум, хуабэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщIадзауэ процентэ 6 щIагъуущ. А эмкIэ дыдэм ирихьэлIу газэмкIэ тарифхэр процент 15-кIэ кьалэтынущ. ГъущI гъэугу Iэнатlэм и IуэхутхьэбзэхэмкIэ тарифхэр щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ процентэ 6-кIэ кьалэт. Шынагъуэншагъэр кьыззэгъэпэщыным пащIэ зыжьгъэшхуэ иригъэкIуэкIыну кьызэрыпэщытыр кьалъытауэ, «Урысейм и гъущI гъуэгуэр» зэгуэныгъэм дызэрыт илъэсым и кIэм сом мелард 40 хуэхэ.

2012 гъэм щегъэжьауэ Пенсэ фондым, Социальнэ фондым, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховкэ фондым кьыкIахьэ страховой ахъшэм и тарифхэр процент 34-м щегъэжьауэ процент 30-м нэсу ягъэмащIэ. Мелард 244-рэ хуэхэ (фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховканэм и бюджетым кьыхэкIыу).

Егъэджэныгъэм 2012 гъэм сом мелард 600 хуэдиз (мы гъэм елытауэ процентэ 7-кIэ нэхъыбэ) хуэхэ. Экономикэм и Iэнатlэхэм кьыщалэжьыкIыну хуэдиз егъэджакIуэхэм я упаехуэр щыным сом мелард 60 тращIыхьэнущ (абы щыщу сом мелард 20-р 2011 гъэм кьагъэсэбэпащ, сом мелард 40-р 2013 гъэм кьаутIыпщынущ). Зи школ кIуэгъуэ мыхьуажэр зэкIуалIэ Iуэхущlапlэхэм зегъэужьыным 2012 - 2013 гъэхэм сом мелардри 10 трагъэкIуэдзэщу (2012 гъэм субсидиеу сом 1 мелард, бюджетым кьыхэкI кредиту сом мелард 8, 2013 гъэм - субсидиеу сом 1 мелард). Федеральнэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэхэр я стипендиехэр 2012 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ проценти 6-кIэ нэхъыбэ яIыгнущ (дызэрыт илъэсым фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ стипендиехэм проценти 9 хагъэхъуауэ щытащ).

Сабий зиIэ унагъуэхэм ират дэIэпыкъуныгъэ хиубыдзу 2012 гъэм хагъэхъуэнущ сабий етIуанэ, абы кьыкIэлъыкIуэ зыгъуэтахэм зэ тыгъуэу зэрызыщIагъакъуэ ахъшэм. Дызэрыт илъэсым ар сом 365700-рэ хуэдиз щытамэ, гъэ кьакIуэ сом 387640-м нэсынущ. Сабий зэрагъуэтам папщIэ зэ тыгъуэу ират сом 12400-м нагъэс, мы гъэм яту щыта сом 11703-м и пIэкIэ. Сабий зиIэхэм мазэ кьэс ират ахъшэм 2012 гъэм щыщIыплэм и 1-м щыщIэдзауэ проценти 6-кIэ хагъахьуэ.

Щыхуэмэ лэжьыгъэкIэ кьахьауэ хуагъэувэ пенсэхэр 2012 гъэм мазаем и 1-м щыщIэдзауэ проценти 7-кIэ, мэлыжьхьыным и 1-м щыщIэдзауэ проценти 2,4-кIэ нэхъыбэ ящIикIи икIи иту мазэм сом мини 9,3-м нагъэс (2011 гъэм ар ику иту сом мини 8,5-рэ хуэдэ ащ). Мэлыжьхьым и 1-м щыщIэдзауэ социальнэ пенсэхэр ику иту сом мини 5,7-м нэсынущ, нэгъэщIу жыIэмэ, процент 14,1-кIэ нэхъыбэ хъунущ. Псори зэхэту щIыхуэм пенсэу ираты папщIэ (федеральнэ бюджетымрэ Урысейм и Пенсэ фондымрэ кьызэкIыу) сом триллиони 5,2-рэ яубзыхуащ.

ПсэупIэхэр хуэунэмкIэ программэр гъэзэщlэным 2012 гъэм сом мелардри 179-рэ кьыхуаутIыпщынущ. Абы щыщу сом мелард 18-р трагъэкIуэдзэнущ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыныр зэфIэзэгъкIыным. Сом мелард 75-р хуэхъ дзэм хэтхэм, Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм кьулыкъу щызыщIэхэм ящыщу псэупIэ ираты хуейуэ ятхауэ щытхэм фэтэрхэр яхуегъэзащIыным. Мы кьалэныр нэгъэсауэ 2013 гъэм

къиубыдзу зэфIагъэкIыну я мурадщ. Абыхэм кьадзэкIуэу фэтэрхэр ираты нэхъ япэкIэ дзэм кьызэкIыжьхэм ящыщу 2005 гъэм щыщылэм и 1-м ирихьэлIу муниципалитетхэм зыщыезыгъэтхэу щытахэм. А Iуэхум сом мелард 18,6-рэ текIуэдэнущ.

2012 гъэм щыщIэдзауэ гулъытэ хэха хуащIынущ дзэм кьулыкъу щызыщIэхэм я псэупIэр егъэфIэкIуэным. Къэралым ЗыхьэмэжьыныгъэмкIэ и министерствэм, МВД-м, абы и къэрал кIуэцI зэпыщIэныгъэ щыщIэхэм хущIагъу ахъшэр хуэди 2-м щIигъуkI нэхъыбэ ящынущ. Абы текIуэдэну кьабжащ сом мелард 390-рэ хуэдиз. Апхуэдэу 2012 гъэм щыщылэм и 1-м щыщIадзауэ дзэм зэрыхэтам папщIэ пенсэ зратхэм яIэрыхьэ ахъшэр икIи иту хуэдэ 1,5-кIэ хэхъуэнущ.

Экономикэ зэпIэзэрытырщ зыужьыныгъэм и лъабжьэр

Экономикэм и инфраструктурэр егъэфIэкIуэным 2012 гъэм хуахахынущ: экономикэм мылъку къэзылэжь и Iэнатlэхэм, абыхэм кьухъулъатэхэр, кьухъьхэр, автомашинэхэр зыщI Iэнатlэхэри хэту, - сом мелардри 156-рэ, агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным сом мелардри 136-рэ. Бюджетыр нэхъ хэхэуэ зытелажьэнхэм ящыщу дзянэкIи щытынущ транспорт комплексым зегъэужьыныр. Гъэгуэхэр ухуэным илъэсищым бюджетым сом триллион 1,3-рэ трагъэкIуэдзэнущ. Абы щыщу 1,1-рэ гъэгуэхэр кьэгъэзащIэнущ, гъущI гъэугуэхэр кьэгъэщIэрэщIэжьынымрэ, транспортым и Iэнатlэм шынагъэншагъэ кьыщыщIэзэгъэпэщыным 2012 гъэм сом мелард 276-рэ хуэхэ.

«Урысей зэкъуэтым» и проектхэр бюджет планым хьащIынущ

2012 - 2014 гъэхэм я бюджетым и проектым хуэфащэ увыIэ щыубыдащ Къэрал Думэм и УнафэщIым и апэ къуэдзэ Морозов Олег я пашэу «Урысей зэкъуэтым» и фракцым хэтхэм яубзыхуэ Iуэхуэхэм. Ахэр зытеухуар «Урысейм и гъэуэгуэхэр», «Зыгъэпсэкlыпlэу 500», «Уэшыщагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплексхэр щIыныр», «Тхыдэ фэепIэ», «Урысейм и цIыхубэ художественнэ Iэщlагъэхэр», «Егъэджэныгъэр кьэгъэщIэрэщIэжьныр», «Сабийхэм папщIэ сабий садэр», «Ди школыщIэ» парт проектхэм кьыщыгъэува кьалэнхэр гъэзэщlэныгъ.

Ди партым кьыхилъхьа проектхэм я нэхъыбапIэр илъэс зыбжанэ ящIэрэ ягъэзащIэ икIи абыхэм сэбэпыначIыхуэ кьадокIуэ.

Правительствэми «Урысей зэкъуэтым» и фракцэмэ кьэралым илъэсищым и бюджетыр убзыхуным кьаруущхуэ ирахьэлIащ. Ауэ я гъэмэ ди документыр и проектыр нэгъэсауэ зэпкърихыну кьищтэху.

ВАСИЛЬЕВ Юрий,
Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI.

● Iуащхьэмахуэ куей

Хэхьыныгьэхэм зыхуагъэхьэзыр

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэ хуэгъэкъуэгъуэм и депутатхэр хэхьыныгьэхуэзырыным пыщIа гъэжьыгъэхэм хиубыдзу Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ хэхакIуэ и омисхэм ящыбыблагъэ ригъэкIуэжа зэIущIэм хэхьыныгьэхэр щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм, жыларагъуэ зэгуэныгьэ районым щыIэ хэм я лIыкIуэхэр. Iуэхуэщlапlэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ хэхакIуэхэр кьыхэхьыныгьэ зэрагъэзыхуну щIыкIэм, хэхьныгъэ хэм я пхьэныкъуэкIэ ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэр кьызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхуэхэм. Iулъытэ хэха хуащIащ псэупIэ фондым хатхыкIыжа унэхэм щIэсу щытатхэр спискэхэм икъуэтыкIыжыным икIи ахэр мы зэманым ипэжьпIэкIэ щыпсэу зыгъэгъуэгуэ щыпIэм щытхыжыным.

Iуащхьэмахуэ щыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джаппуев Даниил кьыхэирихьэщIхьэхуэкIащ иджырей хэхьныгъэхэр зэи хуэмыгъэ егуГуу кьызэрызэгъэпэщыпхъэр, абы и лъэныкъуэкIэ район комиссэм лэжьыгъэшхуэ кьызэрыпэщытыр.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльахэм кьагъэтъэгуащ хэхьыпIэ участкэхэр гъжьэзырыныи и лъэныкъуэкIэ щIыналъэ комиссэр кьуажэ жылагъуэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм тэмэму дэлэжьэну зэракъалэныр. Абыхэм зэщIыгъуу яубзыхун хуейщ участкIэ комиссэхэр зэхакIуэхэм Iэ щIэтыну, агитацэ щрагъэкIуэныгъэ пэщхэр.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-секретарь.

Щэрэдж районым и прокуратурэм къыщыщащ къэрал граждан, муниципальнэ къулыкъум, коррупцэм ебэныным теухуауэ «Коррупцэм пащIэныным и Iуэхуэкlэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м ящыщ Федеральнэ закон №273-ФЗ-м и 8-нэ статьям щыубзыхуахэр куейм и Къэрэ-Суу къуажэм и администрацэм зэрыщагъэзащIэр.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым Урысей Федерацэм и законодательствэр кьызэпызыуд ныкъуэсаныгъэ зыбжанэ къыщIагъэщащ. Апхуэдэщ щIыпIэ администрацэм и муниципальнэ къулыкъущIэхэм я хэхъуэхэр, ябгъэдэхь мылькумрэ ахэр зыхуэдэмрэ тхылъхэм пэжу кьызэрыщымытъэлъэгъуэр.

Кьахута щыщIэныгъэхэр

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуапым ирашалIэ

ирыригъэзэкIуэжьын папщIэ, районым и прокуратурэм административнэ Iуэхуу 4 къиIэтащ икIи Шэрэдж куейм и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэм и унафэкIэ, административнэ кьуэды тральхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Къыпхуэмылъытэнщ Урысейм и тхыдэщIэм абы хуищIа хэлъхьэныгъэр

КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъ Дыгулыбгъуей къуажэм дэтырц.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иужьрей илъэс пщыкIутIуми и унафэщI КIуэкIуэ Валерэ къыхуащI пщIэмрэ иIэ щIэрыIуагъымрэ занщIэу, зы махуэм зригъэгъуэтакъым. КъежьапIэ хуэхъуащ КъБР-м и хозяйствэ кIыкIэрыхуэхэм зегъэужьыныр, щхьэкъэIэт имыIэу лэжьэныр. Нэхулъэ къыхэрищIу, ар и «Уазикым» итIысхьэри, губгъуэм зэкIэт ихи цIыхэм къыщигъэзэжыр жэщыбг хъуауэт. Апхуэдэт махуэ къэскIи, гъатхэ пасэм щегъэжьауэ, бжьыхьэ КIасэ хъуэхкIэ. Зыгъэпсэхугъуэ мащIэ щигъэуэтыр щIымахуэ закъуэрт. Ауэ абы щыгъуэми зэштэкъым: техникэр зэгъэпэщыкъыным, ар гъэувыжыным, жылапхъэхэмрэ гербицидэхэмрэ къэлыхьуэным, Iэщ гъэхъуным, махуэ къэс кIыкIуэкI нэгъуэщI лэжьыгъэ куэдми унафэщI щIалэм (ляпэ щIыкIэ агроном нэхъыщхьэм, итIанэ соловэым и директорыми) етIысэхыпIэ къратыртэкъым.

ФЫIР ПСЫНщIэУ къэпхъуэтэным, зэман лъапIэр нэхъыбфI дыдэу икIи зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, хьэл зырыз зиIэ, ныбжькIэ зэтемыхуэ цIыхухэр зэгурыгъэIуэным заужьырт, и кIуалэкъур зэрыдэкIуэтэйм кIыдэкIуэу. И ныбжьыр илъэс щащIрэ щыIэр хъуатэкъым КIуэкIуэ Валерэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и район нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыми и унафэщI щыхъуат - КПСС-м и Аруан райкомым и ляпэ секретару щыхахам.

